


**GRATIS**



**JEZI KRIS AP RETOOUNEN**

**REVELASYON FEN TAN AN**

**SÈN DOKTRIN**

**KRIM ETA EBRE A NAN  
KAMEROUN**

**Sous & Kontak:**

**Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>  
E-mail: mail@mcreveil.org**

# **Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl**

*Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.*  
**Danyèl 12:4**

*Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.*

**Danyèl 12:9-10**

\*\*\*

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,  
Medite kèk tan sou kesyon sa a:**

**Ki kote ou pral pase Letènite'w?**

**Nan Syèl?**

**Oswa**

**Nan Lanfè?**

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.  
Panse ak sa!**

**Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!**

## **Avètisman**

**Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.**

**Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribiye'l,  
oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni  
li nan okenn ka pa modifye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm  
sous.**

**Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa  
yo ak temwanyaj sa yo!**

**Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po bibliye ansèyman sa yo ak  
temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt  
www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!**

**Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape  
sètènman nan jijman Bondye a.**

**Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye  
23:33.**

## KRIM ETA EBRE A NAN KAMEROUN

### **Yon sitwayen Kamerounè adrese Benyamin Netanyahu, Premye minis Izrayelyen**

Mesye Premye minis, se krim Eta ebre yo nan Kameroun ki mennen'm pou ekri'w. Curriculum vitae w' la aprann mwen ke ou te anbasadè Izrayèl bò kote Nasyon Zini (ONU) ant 1984 ak 1988. Èske'w te mele nan krim yo ke peyi'w la te komèt nan Kameroun pandan peryòd sa a? Men yon kesyon ke ou dwe reponn ak li.

#### **Eksplozyon lak Monoun nan ak katastròf lak Nyos Ia**

Nan lan nwit 15 pou rive 16 dawout 1984, te gen yon eksplozyon nan lak Monoun nan ki trouve li nan Njindoun, yon vilaj nan depatman Noun, nan Iwès peyi'm nan. Odè sibstans ki projte yo te provoke lanmò 37 moun. Donk, yo mouri toufe. Nan tan sa a, mwen te gen 11 zan, mwen te rezide a Bangangté, chèf lye depatman Ndé. Depatman Noun pote non rivyè dlo ki separe'l ak depatman Ndé. Mwen ta sètènman detwi britalman e rapidman pa odè potansyèl la si li te rive jis nan vil mwen te fèt la. Men zam destrikson masif la ke Izrayèl te fè eseye premye fwa nan Njindoun te ankò amelyorab. Etan done ke nonm viktim eksplozyon nan lak Monoun nan pat anpil, pa trop Kamerounè pa trò pale de sa. Rejim Biya a te pase evènman an anba silans.

O kòmansman, Eta ebre a t'ap avanse san vrè metòd yo; li te mete tan pou jwenn bon adrès la, prèske tankou yon pis k'ap chache meyè andwa a pou penetre nan pye a. Yitzhak Shamir, Premye minis izrayelyen soti 10 oktòb 1983 rive 12 septanm 1984, te rale yon chèk yon montan 250.000.000 FCFA (de san senkant milyon). Se direktè Reynolds Construction Company-Cameroon (RCC-C) a ki te chaje pou remèt sa yo di ki chèk la. Donk, filyal Kamerounè sa a ak sosyete izrayelyen SOLEL BONEH a te genyen mache vwari a nan okazyon Comice agropastoral Bamenda an 1984. Aprè li te fè yo bani'l pa kèk moun reskonsab nan ministè min Kameroun yo, direktè RCC-C a li te deside'l pou mande yon odyans a prezidan Biya. Sila sa a te sote sou propozisyon an e te bay aksè pou eseye zam destrikson masif la nan lak Monoun. Konsa, li te patisipe aktivman nan premye krim ki te komèt pa Leta ebre a nan Kameroun. Tankou jan'm te di'l pi wo a, sibstans mefitik ki te degaje a pa eksplozyon an nan lak Njindoun te ekspedye 37 vilajwa pezib nan lòt mond lan.

Mesye Premye minis, peyi'w la pat antyèman satisfè de rezulta premye eseye a. Chèchè'w yo. Yo menm tou yo te antreprann pou rann zam nan meyè. Nan bout de zan, yo te estime ke yo te prè pou yon dezyèm eseye. Shimon Peres, ranplasan Yitzhak Shamir, pat bezwen pou chache bon adrès la, piske dyab Biya te deja aksepte 250.000.000 FCFA a san yon ti ezitasyon. Poutan, Peres te deklare'l prè pou fè'l kado doub montan sa a. Kondisyon ke li te mete a òf li a se te ke direktè Kamerounè a pèmèt gouvènman peyi'l la pou fè eseye sibstans derechèf la. Kòm fòk li te rann li la, nonm renmen lajan an e san konsyans lan te akòde konsantman li a Jerizalèm. Se konsa ke dezyèm eseye a te efektye. Sa te gen pou konsekans ke lak Lwi – konnen sou non lak Nyos – te eksplode. Se te nan lan nwit 21 rive 22 dawout 1986. Odè potansyèl sibstans lan ke eksplozyon sa a te provoke a fè peri prèske 2000 moun, 3500 bèt, pil bann

zwazo nan poulaye, bann zannimo sovaj, e menm bann ensèk! Ak sa, fòk nou ajoute ke plizyè santèn moun ki pat mouri te ospitalize. Sèt vilaj te frape pa katastròf sa a, sa vle di Nyos, Cha, Subum, Mundabi, Fang, Koshin ak Mashi. Lokalite sa yo trouve yo nan Rejyon Nòdwès, nan Kameroun, Konprann anplè katastròf la, rejim Biya a te nan enposiblite pou kache'l. Li te jije nesesè pou manti ak opinyon an e pou tire profi nan malè bann sinistre yo. Konsa, li te rakonte ke koz katastròf la te natirèl, ke yon nouvo eksplozyon te riske prodwi, ke moun ki pat mouri yo te ekspose nan risk epidemi, ke li te ijan pou fè yo soti nan zòn sinistre a e enstale yo nan zòn yo di a. Li te itilize twal manti sa yo pou jistifye mande èd li a – apèl ke li te lanse byen tou ak popilasyon lokal la menm jan ak peyi etranje yo.

Gouvènman izrayelyen an te pèmèt a rejim nan pou gaye bann fo enfòmasyon menm jan ak apèl solidarite a nan kat kwen mond lan. Kat jou apre eksplozyon nan lak Nyos la, Shimon Peres te ateri nan Yaoundé. Pami moun ki te swiv li yo, te gen yon dizèn jounalis. Li doute ke Premye minis izrayelyen an te vin nan Kameroun pou remèsyе direktè Biya pou kontribisyon'l nan revisit esè zam destriksyon masif la e pou ede'l an menm tan pou sigjesyone opinyon'l lan. Men Peres te blyie ke li te trayi tèt li pa vini'l lan! Byen evidamman, Biya ak li te kache vrè motif vizit publik sa a. Nan yon konferans pou laprès ke yo te pran, yo te rakonte jounalis yo ke vizit - 48 tè sa a – li te enskri nan kad retablisman bann relasyon izrayelyen-Kamerounè yo ki te kanpe depi trèzan, apre ke Eta ebre a te anekse Sinayi ejipsyen an. Konferans pou laprès la se te sèlman yon pati pou mete an sèn pou tronpe nan Palè Inite a. Deja pandan dejene ofisyèl la, Biya ak Peres te prononse yo chak yon alokasyon ki denonse riz la. De koken yo te reysi pou fè publik la panse e aji nan sans ke yo te chwazi a. Jounalis yo, syantifik yo, jiris yo, powèt yo, filozòf yo, politisyen yo, diplomat yo, reliye yo, maj yo, tout te chante menm chanson an "katastròf natirèl" konpoze pa dyo dyabolik la. Yo te tankou bann jwè telegide.

Diktatè Kamerounè a te resevwa yon gran kantite mesaj kondoleyans, pamí yo pa Richard Von Weizsäcker a, prezidan RFA. Sila sa a te ekri'l: "Se avèk yon gran emosyon ke mwen te aprann nouvèl grav katastròf natirèl ki te koute lavi anpil moun nan Nòdwès peyi'w la. A okazyon sa a, mwen transmèt ou, tou nan non pèp alman an, sensè kondoleyans mwen yo. Asire'w, Mesye Prezidan, ke Republik federal Almagn la pral patisipe, nan lespri amitye tradisyonèl la ak pèp Kamerounè a, nan efò kominate entènasyonal la ki vize pou vini nan èd ak popilasyon yo si gravman frape pa katastròf la."

Helmut Kohl, chanselye RFA, te voye yon mesaj similè bay despòt la. Nan yon premye tan, li te pale'l de profon emosyon an ke "nouvèl grav katastròf natirèl la" nan lak Nyos te koze lakay li, e te prezante'l kondoleyans gouvènman an menm jan ak pa popilasyon alman an. Nan yon dezyèm tan, li te pale de bann mezi ki te pran an favè sinistre yo: "An menm tan", li te di, "mwen ofri'w èd nou pou soulaje detrès bann fanmi viktim yo e menm jan pou lòt moun ki pat mouri nan katastròf la. Anbasad peyi'm nan nan Yaoundé yo te priye'l pou'l mete'l an kontak ak otorite konpetan Kamerounè yo pou bagay sa a."

Soti 1e rive 4 septanm 1986, Paul Biya te efektye yon vizit ofisyèl nan RFA. Nan fen jou li t'ap pase yo, li te adrese ak Richard Von Weizsäcker yon lèt remèsiman ke anvan dènye fraz la se sa a: "*Mwen priye yon fwa ankò Ekselans ou a pou*

*aksepte e pou transmèt pèp alman an e a gouvènman li a ekspresyon viv gratitud nou pou mak senpati yo ke pèp Kamerounè a ak gouvènman li a te jwenn e tou pou èd konsanti nan okazyon katastròf natirèl ki te mete Kameroun an dèy la."*

Erich Honecker, prezidan Konsèy Eta Republik demokratik alman an, te kwè tou enfòmasyon selon li menm nan yon "katastròf natirèl" te prodwi nan Nyos. Pa konsekan, li te fè vini yon mesaj kondoleyans a Néron africain an. Byen ke li pat abòde kesyon asistans lan ak sinistre yo nan mesaj sa a, peyi'l la te remèt bann medikaman de yon valè de 16.000.000 FCFA (sèz milyon) konsa ke bann dizèn bal kouvèti ak otorite kamerounè yo.

Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, Alman yo te ekstèmine Jwif Eròp yo. De zan apre lagè a, ONU te kreye Eta jwif la pou proteje reskape yo. Shimon Peres ak Paul Biya te felisite tèt yo paske yo te sigjesyone Alman Lès yo ak Lwès yo menm jan tou ak lòt pèp Latè yo.

Menm evèk Albert Ndongmo te tronpe pa de nomm Leta yo, tankou jan mesaj sa a ateste'l la ke li te telegrafye a Biya depi egzil kanadyen'l lan: "Okazyon dram ekolojik Wum nan. Viv senpati yo ak kondoleyans fanmi eprouve yo. Bondye proteje Kameroun ak nou menm." Kan nou konsidere ke Mgr Ndongmo ta fè pati bann santèn milye Bamilékés ki masakre yo pa rejim De Gaulle, Ahidjo ak Pompidou si pap Paul VI pat anpeche ke yo egzekite'l, etone'l ke li rele proteksyon Bondye sou Biya. Sila sa a te moun konfyans Ahidjo. Sa eksplike tout bagay.

Tankou jan mwen di'l piwo a, syantifik yo te egalman enstrimantalize pa Biya ak gouvènman izrayelyen an. Mwen ta renmen ilistre propo'm nan pa yon egzanp: Konferans syantifik entènasyonal la sou katastròf nan lak Nyos la. Li te fèt soti 16 pou rive 20 mas 1987 nan palè kongrè yo nan Yaoundé. Se Biya li menm ki te konvoke'l. Prèske 120 ekspè te patisce ladann: Se te bann vòlkanològ, bann jerològ, bann jeromòfolojik, bann limnològ, bann idrològ, bann jeyofizisyen, bann jeyograf, bann chimis, bann byoljis, bann medsen, bann veterinè, bann agronòm, bann sosyològ, bann etnològ, elatriye. Syantifik sa yo ta dwe konstate ke rejim Biya te vle sèvi ak yo pou li te ka rive fè manti'l yo pase. Apre li te fin klerone nouvèl "katastròf natirèl" la, li te envite yo pou di'l ki "koz katastròf natirèl la". Se vrèman bêt! Poutan, li t'ap tann nan men yo ke yo "defini wout yo ak mwayen yo ki pèmèt sinon pou prevwa, pou di mwens rann mwen grav efè katastròf konsa yo pou lavni."

Tankou bann timoun dosil, yo te egzose swè'l la. Tout te avize ke se te gaz karbonik (CO<sub>2</sub>) ki te toufe moun yo ak zannimo yo. Pou kèk moun, gaz yo di a ta soti nan yon eksplozyon nan freyatik anba lak la e ta travèse sa a sou fòm jet. Se tèz yo di freyato-magmatik ou vòlkanik. Pou bann lòt, CO<sub>2</sub> a ki soti nan magmatik la ta soti tikal pa tikal anba sòl la e se ta absòbe nan fon dlo lak la. Yon tranblemann tè ou yon glisman tèren ta provoke yon ranvèsman ekstratifikasiyon lak la. Dlo fon yo ta libere bann bil gaz pandan yo t'ap monte sou sifas tè a. Se tèz yo di limnik la ou ranvèsman lak la. Mwen jete de tèz yo, donk yo te avanse pa bann syantifik manevre. Menm rekòmandasyon ke yo te fè yo pat gen anyen pou wè ak sa ki te pase a nan lak Monoun nan dawout 1984 ak nan pa Nyos la de zan apre. Objektif konferans lan te defini depi anvan pa rejim Biya pat bay okenn posiblite ak syantifik yo pou dekovri vrè koz

eksplozyon lak sinonme yo. Se pa etonan ke konklizyon ke yo te rive ak yo a te, pou pa di plis, nan kache verite a.

Abdoulaye Babale, aktyèl direktè jeneral Eleksyon Kameroon (ELECAM), te minis Ansèyman siperyè ak rechèch syantifik nan epòk la. Se li ki te prononse diskou ouvèti konferans sinonme a. Sa rejim nan t'ap tann yo te klèman fòmile. Nou pa dwe fè tèt nou bann ilizyon sou Babale: Se yon moun k'ap peche nan dlo troub. Anba direksyon yon endividé konsa, ELECAM pa ka organize yon eleksyon san li pa fè frod.

Rejim Biya a fè fent sou ONU tou. Donk, li te solisite "asistans li nan òganizasyon konferans syantifik entènasyonal la sou katastròf natirèl Lak Nyos la". Projè menm tit la te sisite enterè òganizasyon entènasyonal ki pral mobilize twa nan ògàn li yo pou ede a materyalizasyon'l lan, ki se UNESCO, PNUD ak CEA (Komisyon Ekonomik pou Afrik). PNUD te klase kontribisyon pa'l la nan kategori "Prevansyon katastròf natirèl", sa ki prouve ankò yon fwa ke rejim Biya a te sigjesyone ONU. Shimon Peres te ankò chèf gouvènman izrayelyen an kan Yaoundé te mande ONU pou ede'l pou òganize konferans lan, men Yitzhak Shamir te ranplase'l nan fonksyon sa a tout swit apre.

Mesye Premye minis, jiska prezan, li te kesyon de krim ki te komèt pa peyi'w la nan Kameroun. Mwen te montre ke rejim Biya a te konplis nan sa. Mwen te montre tou kòman koupab yo te makiye krim yo a an fenomèn natirèl. Nan fason sa a, yo te sigjesyone piblik la. E kan yo te fè piblik la mache, yo te di tèt yo yo te byen jwe. Men yo te bliye ke manti yo pa mennen lwen. Nan yon lèt tou louvri ki te adrese a prezidan Félix Faure e te pibliye 13 janvye 1898, romansye naturalis fransè a Émile Zola di a sijè sa a: *"Kan yo fèmen verite a anba tè, li ranmase'l la, li pran yon fòs tankou eksplozyon la anba tè a, ke, jou kote li eklate a, li fè tout bagay sote ak li."*

Mesye Premye minis, mwen konsyan difèt ke mwen pran yon risk nan ekri'w liy sa yo. Peyi'w la fè pati bann pi gran pisans militè yo nan mond lan, li dispoze bann zam destriksyon masif tankou zam nikleyè yo, sibstans mefitik la ki te koze katastròf lak Nyos la, elatriye. Petèt ke li pral voye yon avyon konba telekomande pou bonbade pandan lan nwit zòn kote mwen rete a? Li posib tou ke despòt Biya voye bann eleman BIR pou krible'm ak bal. Sa pèmèt mwen pou abòde twazyèm krim Eta Izrayèl la nan Kameroun.

### **Protekson rejim diktatoryal Biya a**

Protekson rejim diktatoryal Biya a te asire pa Eta Izrayèl la depi trantan. Mwen te di ke Shimon Peres te vini Kameroun nan dawout 1986 pou remèsyen nonm nan ak vwa ba pou kontribisyon'l lan nan reyisit esè zam destriksyon masif yo nan Njindoun ak nan Nyos. Pou temwanye rekonesans li avè'l, Peres te ba li asirans ke peyi'l la pral pèmèt li Prezidan a vi. Donk, yo te siyen yon trete a sijè sa a. Te gen twa ofisyè pami moun ki te swiv Peres yo, se majò-jeneral Amram Mitsna (asistan chèf operasyon fòs ame yo), jeneral brigad Azriel Nevo (chèf kabinè militè prezidans Konsèy minis yo) ak kolonèl Moshe Kafri. Li enpòtan pou atire atansyon sou lefèt ke Ehud Shilo, direktè jeneral SOHEL BONEH ke mwen te pale pi wo a, se te youn nan sivil yo ki te akonpanye prezidan Konsèy minis Eta ebre yo.

Ou se Premye minis Izrayèl depi 1e avril 2009, men ou te deja egzèse fonksyon sa a soti 18 jwen 1996 rive 5 jiyè 1999. Nan epòk la, ou te pran plas Shimon Peres ki te retounen nan pouvwa a 4 novanm 1995. Nou tou de a te proteje rejim Biya a. Yitzhak Shamir, Yitzhak Rabin, Ehud Barak, Ariel Sharon ak Ehud Olmert te fè'l tou. Jodi a, nou kontinye politik lapèrèz sa a. Paul Biya, 83 zan, e prezidan Repiblik la depi 34 tran, kwè li di tankou fè ke Kameroun pral vin yon peyi ploje nan orizon 2035, e ke metamofòz sa a pral opere'l anba prezidans li a! Se sitou proteksyon ke Izrayèl pote pou li depi bann ane ki mennen'l nourri lespri chimè li a ak pou lanse bann pawòl dezagreyab bay etranje yo ki fè'l bann remak sou laj avanse li a ak sou tan ke li deja pase nan tèt Leta a. Yon egzanp aktyèl se mo ke li te lache lane dènye a pandan yon konferans pou laprès radyotelevize ke prezidan François Hollande ak li te pran nan Palè Inite a. Lòske yon jounalis Frans 2 te fè'l bann obsèvasyon sou pwen ki mansyone yo, li te riposte: "Se pa moun ki vle ki dire nan pouvwa, men se moun ki kapab." Yon souflèt pou demokrasi a.

Mesye Premye minis, se yon krim pou proteje rejim diktatoryal Biya a. Tankou jan'w konnen'l lan, se konpatriyòt ou yo ki ankadre siveyans prezidansyèl la depi 1986.

Depi lè sa a, moun yo ki te ranplase nan pòs konseye prezidans lan nan matyè sekirite se Izrayelyen tou yo ye. E se pa sa sèlman! Nan ankourajman peyi'w la, rejim Biya te kreye BIR an 2008. BIR se sig Bataillon d'Intervention Rapide (Batayon Entevansyon Rapid). Li ankadre tou pa Izrayèl. An verite, enstriman rejim sa a fè panse a SA e SS. Eleman sa yo yo konnen yo paske yo brital. Egzistans inite sa a se prèv ke rejim Biya se yon rejim lapèrèz. Mwen pa ka fè lis bann atrosite ak abi ke li te deja komèt yo, donk yo anpil tankou grenn sab ki nan dezè Néguev la.

Mesye Premye minis, lèt sa a long, mwen rive nan konklizyon li. Konnen ke **Afrik nwa pa ni yon lye ki destine pou eseye bann zam destriksyon masif yo ni yon dechaj pou dechè toksik yo.** Se pa etonan ke peyi'w la proteje rejim Biya a. Apre ke atizan ki di rejim sa a pran plezi'l pou vèse san imen, li se yon nonm kòronpi. Li fè jwèt Eta Izrayèl la. Li te aji nan sans li nan otorize nan de repriz pou fè eseye yon sibstans danjere nan Kameroun. Sibstans sa a te fè eksplode lak Monoun, epi lak Nyos la, men verite a te vwale. Koupab yo te kite kwè a kominate entènasyonal la ke lanati te reskonsab eksplozyon sa yo. Yo te kenbe ak sa paske pou yo tout sa se te pawòl levanjil.

Pè Fred Ten Horn ki te rann li nan zòn sinistre a de jou apre eksplozyon lak Nyos la te repann ipotèz yon oriin kriminèl dram nan. Li te di ak Ajans Frans Près la: "Se te tankou si yon bonb a netron te eksplode, pa detwi anyen, men touye tout vi." Syantifik yo te kontrekare afimasyon misyonè olandè sa a nan fè'l remake ke yon bonb konsa ta detwi vejetasyon an tou, e ke bann radyasyon yonizan ta touye'l. Sa ki pa gade'm, se ke eklezyastik la pat antre nan jwèt la pou te panse ak yon katastròf natirèl, men ak yon katastròf ki provoke pa yon teknik imen. Donk, non egzat zam nan ke nenpòt. Mwen inyore non an non sibstans sa a, se peyi nou an ak rejim Biya ki konnen'l. Men Ten Horn ak li mwen te gen yon pale nan domisil li a isi a a Bamenda 19 oktòb 2013 te antre-tran regroupe nan avi bann syantifik yo. Li te revele'm ke gen metàn nan lak Nyos la. Epi, li te ajoute kòmantè sa a: "Odè metàn nan ke nou santi jodi a kan n'ap vizite lak la li diferan

ak pa gaz kabonik la ki te eksplode a." Kire Wum te kouri fè bann menas nan yon sèten tan kont syantifik yo ki te jete temwanyaj li a a kèlke pwen ransèyman yo ke li te rekeyi bò kote sinistre yo. Pou te peze kòlè'l la, rejim nan te fè'l vin Chevalye Lòd Valè a. Petèt li te ba li lajan anplis. Kèk ane apre, prèt katolik la te remèt tabliye li a e te marye. Nan fen sa nou rele pale a, li te konseye'm pou'm fè pridans. Mwen te konprann ke yo te mare men'l.

Pou mwen menm, mwen pa bezwen pou'm pridan. Ten Horn ta dwe sere konsèy li a pou li. Mwen deteste avètisman konsa yo. Mwen pap viv pou sekirite'm, men pou lajistik ak laverite. Mwen gen dwa pou fòse bann desizyon. Izrayèl dwe avwe paske'l te provoke katastròf lak Nyos la menm jan ak eksplozyon lak Monoun nan.

**Konnen ke Kameroun pa yon monachi.** Pèp Kamerounè a aspire ak ezans e ak libète. Eta ebre a dwe sispann san delè proteje rejim Biya a, yon rejim k'ap oprime pèp la ak anpeche peyi'm nan dekole. Tròp, se tròp!

Bamenda, 11 avril 2016

Hilaire Mbakop, Ekriven

## Envitasyon

Chè frè ak sè,

**Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:**

**1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pítit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.**

**2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an [www.mcreveil.org](http://www.mcreveil.org), pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.**

**Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!**